

EPIZÒD : RIT

MO JODI A : RIT

REZIME EPIZÒD LA



Lapli ap tonbe. Tilou ak Lili dekouvri rit ki fòm avèk son gout dlo lapli yo, mato papa yo ap frape a epi son bale a fè lè manman yo ap bale.



Yon rit se yon repetisyon mouvman oswa yon son regilye. Gen yon pakèt repetisyon nan lanati, tankou solèy la ki leve epi kouche chak jou.



Mari deside al pale ak saj nan forè yo pou li konnen ki kote son lannwit yo fè.

POZE TIMOUN OU YO KESYON

1. Ki sa ki te pase nan Lakou Kajou jodi a ?
2. Ki sa ou te pi renmen ?
3. Eske w sonje kèk repetisyon nan lanati yo te site kòm egzanp nan Lakou Kajou ?
4. Ki lòt repetisyon ou panse ou ta ka ajoute ?

FÈ AKTIVITE AK TIMOUN OU YO

1. Oganize yon òkès

Objektif : Timoun nan ap kapab òganize son yon fason pou kreye yon rit, pandan l ap devlope memwa li.

Dire : 15 minit

Etap 1 : Fè yon gwo wonn ak tout timoun yo.

Etap 2 : Chak timoun ap chwazi yon son youn aprè lòt.

Etap 3 : Mande timoun yo kontinye repete menm son yo te chwazi a an menm tan, yon fason pou yo kreye yon rit. Si yon timoun twouble, l ap kite jwèt la pou li vini Jij. Misyon li se veye timoun ki twouble tou.

2. Chèn istwa

Objektif : Timoun nan ap kapab rakonte epi bay suit ak yon istwa ki deja kòmanse, yon fason pou devlope imajinasyon l ak sans lojik li.

Dire : 20 minit

Etap 1 : Mande timoun yo pou yo chita atè a nan fòm yon wonn.

Etap 2 : Mande yon volontè lidè oubyen chwazi li pou kòmanse istwa a.

Enpòtan : Yon fwa istwa a kòmanse, timoun ki vin aprè lidè a ap tou kontinye. Chak timoun ap di yon fraz k ap pèmèt istwa a kontinye jiskake dènye timoun nan fini istwa a.

Egzanp byen senp : Premye timoun nan ka di : Se te yon manman ki te gen twa pitit. Dezyèm nan kontinye : Yon pitit fi ak de (2) pitit gason, elatriye.

Enpòtan : Istwa a sipoze gen yon kontinite kote yon lide santral parèt.

3. Chache ak repwodui chema ki repete

Objektif : Timoun nan ap kapab repwodui chema ak son ki repete, kote l ap devlope kapasite pou li obsève, tandè, ak kapasite pou li rakonte sa li obsève a.

Dire : 20 minit

Etap 1 : Mande timoun yo soti deyò pou chèche yon chema oubyen yon son ki repete nan anviwònman yo. Li kapab yon flè, yon pyebwa, yon twal zareyen, yon bri ti zwazo, elatriye.

Etap 2 : Mande chak timoun rapòte yon chema ki te make li epi di pou ki sa.

4. Swiv lidè a

Objektif : Timoun nan ap repwodui sa li wè, pandan l ap amize l

Dire : 20 minit pou 20-25 timoun

- **Premye fason : san mizik**

Etap 1 : Mande timoun yo fè yon wonn, oubyen yo ka fè ranje plizyè liy.

Etap 2 : Yon lidè ap pase devan pou bay yon mouvman epi tout lòt timoun yo ap repete.

Men kèk lide : Mache sou plas, danse, bat men, elatriye.

Enpòtan : Nou ka itilize mizik epi timoun yo ap fè mouvman ki ale sou rit mizik la.

- **Dezyèm fason: avèk mizik**

Etap 1 : Mande tout timoun yo ap fè yon wonn.

Etap 2 : Yon timoun ap deziyen tèt li pou lidè e l ap antre nan mitan wonn nan.

Etap 3 : Anseyan ap pase mizik. Lidè a ap danse sou rit mizik la pandan 45 segond (oubyen 1 minit) epi tout lòt timoun yo ap fè menm mouvman ak li.

Lè li fini, l ap chwazi yon lòt lidè pou rekòmanse.

